Tshiamiso TRUST

MATANHO MASERE ANOTEVEDZWA PAKUFAMBISWA KWEMAPEPA EKUTI MUSHANDI ABHADHARWE

Sangano reTshiamiso Trust rakaumbwa kuti ribhadhare mari kuvashandi vose vachiri pabasa kana vakamboshanda mumugodhi vachiita basa rine njodzi pamigodhi inokodzera kupinda muchirongwa chekubhadharwa kwevashandi kubva musi wa12 Kurume 1965 kusvika 10 Zvita 2019, zvakare vakasvika pakukuvara mapapu avo zvachose nekuda kwezvirwere zvinoti cheSilicosis uye cheRurindi nekuda kwebasa ravaiita.

Danho 1

TARISA ZVIRI MAERERANO NEVE

Tarisa kana uine mapepa anogona kuita kuti ubhadhrwe:

- pamasai-sai anoti https://www.tshiamisotrust.com/status-check/
- Rovera runhare pa 00 27 10 500 6186 kuti ugone kuroverwa runhare.

Kana mushandi wemumugodhi akaoneka kuti akashanda paMugodhi uokodzera kupinda muchirongwa kweNguva yakakodzera uye achiita Basa rine njodzi, achabatsirwa kuti aende padanho rinotevera.

Sangano reTrust rine nzira dzinoshanda dzarinoshandisa kudzivirira chitsotsi.

Pese panokodzera, edzai nepamunogona kutarisa pachenyu nezveruzivo rwuri maererano nemi, pane kuti mukumbire umwe munhu kuti akuitirei izvozvo.

Danho 2

ISAI CHIKUMBIRO CHEKUONANA NEVESANGANO

Nzvimbo insvikira nhare ichakunyoresai ichikupai mukana wekuunza mapepa enyu ekuti mubhadharwe. Muchaziwiswa kuti magwaro api amunofanira kuuya nawo. Mapepa anogona chete kuunzwa pamahofisi akagadzirirwa kuitwa izvi.

Nhamba yemzvimbo inosvikira nhare:

- 00 27 10 500 6186 (Tapota cherechedzai: pamuchaira nhamba iyi, icharira sekunge iri kushandiswa uye kurira kwacho kuchabva kwamira. Kurira kuchinge kwamira muchabva machairwa runhare mushure memasekonzi mashoma-shoma muchibva mabatana nevenzvimbo inosvikira nhare).

Vanoda kuisa mapepa avo vanofanira kuzviita mapepa avo nekuuya kuhofisi ivo pachavo. Hamukwanisi kutumidzira umwe munhu kuti akuitirei izvi.

Danho 3

KUISWA KWEMAPEPA EKUBHADHARWA

VANHU VOSE vari kuisa mapepa ekubhadharwa vanoda zvinotevera:

- Pasipoti
- Kadhi remuindasitiri kana rimwewo gwaro rinoratidza nhamba yacho
- Mapepa anoratidza basa raiitwa pamugoghi
- Kana aripo, mapepa ezveutano anoratidza kuti une chirwere cheSilicosis kana cheRurindi

Veukama wemushandi wemumugodhi akafa VANODAWO:

- Umboo weukama hwavo / Tsamba inovapa simba
- Gwaro rinoratidza kunyoreswa kwekufa / kana tsamba yachiremba inotaura ongororo yakaitwa pamufi ine umbowo wekuti mufi akaurayiwa nechirwere cheSilicosis kana cheRurindi

Muchanyatsoziviswa pamusoro pezvimwe zvinonyatsodiwa panyaya yekukodzera kwenyu.

Ibasa reari kuisa mapepa kuunza magwaro ose anodiwa. Sangano reTrust rinogona kukubatsirai CHETE kubva pane magwaro amunenge mauya navo panoitwa ongororo dze TEBA, MBOD kana kumakambani emigodhi.

Danho 4

KUONGORORWA KUTI MUONEKE KANA MUCHIKODZERA KUBHADHARWA

Kana zvichidikanwa, sangano reTrust richakubatsirai kuti muise chikumbiro chekuti muongororwe kuti muoneke kana muchifanira kubhadharwa.

Sedanho rekuita izvi, muchatorwa mufananidzo weX-Ray uye kuitwa ongororo dzekushanda kwemapapu enyu kuti muoneke kuti mune chirwere chinokodzera here, uye kuona udzamu hwekukuvara kwemapapu.

Tapota cherechedzai ongororo yeBME haigoni kuitwa kana muri kutira mushonga wechirwere cheRurindi kana kuti mukafungidzirwa kuti mune chirwere cheRurindi.

Sangano reTrust richakuzivisai kuti munofanira kuenda kupi pakuonana nevesangano uye kuti nguvai. Tapota ivai nemwoyo murefu. Panogona kuita nguva makambomira nekuda kwekushomeka kwezvipatara zveutano.

Danho 5

KUONGORORWA NEVEMEDICAL CERTIFICATION PANEL

Magwaro ako ose ezveutano achaongororwa nechikwata cheMedical Certification Panel cheTrust. Vachazopa rinoratidza zvawakawana paongororo yawo rinonzi Certificate of Medical Finding. Kana ukawanikwa kuti une Chirwere Chakakodzera, mapepa ako anobva aendeswa paDanho reChitanhatu. Kana muchida kupokana nezvabuda muchikumbiro chenyu chekuti mubhadharwe, munoisa chiziviso chekupokana uku mukati memazuva makumi matatu kubva pakapuwa gwaro rezveutano rakapiwa mushure meongororo.

Kana mukatadza kuzadzisa zvinodiwa pane zveutano, hamukwanisi kutmupinde muchirongwa chekuti mubhadharwe nesangano reTshiamiso Trust.

Danho 6

KUONGORORWA NEKOMITI YETRUST CERTIFICATION COMMITTEE

Kana uchinge wawanikwa kuti une chirwere chakakodzera paDanho reChishanu, magwaro ako ose anoongororwa nekomiti yeTrust Certification. Vanobva varatidza kugutsikana kwavo nechikumbiro chako chekuti ubhadharwe vachitevedzera zvakatarwa muchibvumirano cheTrust Deed.

Kana mabudirira, Komiti ichakupai Gwaro rekupedzisira kana muchinge mapedza Danho reChinomwe.

Zvinenge zvatarwa neKomiti zvinogona kupikiswa mukati memazuva makumi matatu kubva panenge papiwa Gwaro rekupedzisira.

Danho 7

ONGORORO NEMUMIRIRI WEKAMBANI

Kana Komiti yeTrust Certification yagutsikana nechikumbiro chenyu chekuti mubhadharwe, mumiriri wekambanianenge achimirira makambani emigodhi achaita ongororoyemapepa ose emabasa aitwa kumashure kuti aone kana zvese zvakakwana uye oita chikumbiro chekuti mubhadharwe yakaderedzwa inonzi Benefit Modifiers. Kana danho iri richinge rangopera, Komiti yeTrust Certification ichkupai Gwaro renyu rekupedzisira.

Danho rino rinogona kutora nguva inoita mazuva makumi mapfumbamwe kuti ripere. Chinonzi Benefit Modifier kuderedzerwa mari yamunofanira kupiwa nekuda kwekuti munenge makaita basa risingakodzeri kuti mubhadharwe.

Danho 8

KUPASISWA UYE KUBHADHARWA

Zvino nekuda kwekuti magwaro ako ose aongororwa uye akapasiswa, sangano reTrust richaone kuti ruzivo rwawapa maererano nebhanga rako rwakakwana here, vokupa dzidziso pane zvemari kuti ubatsirikane nekufambisa mari yako zvakanaka, vochiisa mubhadharo wako wese mubhanga rako.

Kubhadharwa uku kunogonakutora nguva mari isati yaratidza mubhanga rako, kunyanya kana uchinge usiri munyika yeSouth Africa. Pane dzimwe nguva Sangano reTrust rinogona kutora mari yechibharo kana richinge rataurirwa kuti riite izvozvo neveSARS.

CHENJERAI matsotsi. Musabhadhare umwe munhu kuti akubatsirei pakufambisa mapepa enyu ekuti mubhadharwe.

Musape magwaro enyu chaiwo chaiwo uye ruzivo rwuri maererano nemi kune umwe munhu. Tapota chengetedzai zvinhu izvi zvakanaka.